

KESYONÈ POU RADYOLOJI

Medyòm ki pèmèt yo fè Kontras pou ou ak Yodin ladan Enfòmasyon pou Pasyan

Etap pou pran foto w pral fè la a, ka egzije pou yo itilize yon kalite sèl – ki kapab bay kontras yo bezwen an. Sa ap depann ki kalite metòd y ap fè, yo ka fòme materyèl kontras la nan venn ou, nan yon espas ant jwenti yo, oswa lòt pati nan kò wou, oubyen, yo ka mande ou pou bwè l.

Espesyalis radyoloji yo sèvi avèk materyèl kontras la pou ede fè fòm imaj y ap egzamine yo byen parèt e pou amelyore presizyon tès yo pral fè pou ou a.

Gen sèten kondisyon lamedsin ki ka gen yon efè sou jan w ap reyaji lè w pran materyèl kontras la epi li enpòtan pou nou konnen sa davans. Pakonsekan, silvoulè reponn kesyon ki anba yo

- Èske w ansent oswa ap bay timoun tete? ___ WI ___ NON
- Èske w fè alèji ak kèk medikaman? ___ WI ___ NON
Si se wi, kiyès yo ye? _____
- Èske w soufri opresyon epi w ap rale nan yon kreyon medikaman? ___ WI ___ NON
- Èske w deja pran piki medyòm kontras sa a deja? ___ WI ___ NON
Èske w te gen yon reyaksyon alèji oswa komplikasyon ak piki a ? Si wi, eksplike:

- Èske yo te ba ou medikaman pou egzamen CT jodiy a ? ___ WI ___ NON
Si se wi, bay lis medikaman yo ak dòz yo: _____
- Èske w fè tansyon? ___ WI ___ NON
- Èske w fè sik? ___ WI ___ NON
- Èske w pran Metformin, Avandamet, oswa yon medikaman ki gen Glucophage? ___ WI ___ NON
- Èske w gen maladi nan ren? ___ WI ___ NON
- Èske w nan dyabèt? ___ WI ___ NON
Si se wi, ki lè w gen pwochen randevou w la? _____
- Èske ou janm fè egzamen pou detekte si ou gen kondisyon sa yo?
 - PWOBLÈM LIKID ___ WI ___ NON
 - FEBLÈS NAN KÈ oswa FEBLÈS KONJESYON NAN KÈ ___ WI ___ NON
 - KRIZ KADYAK ___ WI ___ NON
 - MALADI NAN GLANN TIWOYID (Si wi, bay lis la _____) ___ WI ___ NON
 - ALÈJI AK LATÈKS ___ WI ___ NON
 - MYELOMA MILTIP ___ WI ___ NON
 - MYASTENI GRAVIS ___ WI ___ NON
 - PHEOCHROMOCYTOM ___ WI ___ NON
 - MALADI ANEMI FALSIFÒM ___ WI ___ NON

FÒMILÈ POU KONSANTMAN KONTRAS

Medyòm ki pèmèt yo fè Kontras pou ou ak Yodin ladan

Doktè ou la mande pou w swiv seri etap pou pran foto sou kò ou, ki mande pou w pran yon piki ak yon materyèl kontras.

Materyèl kontras sa a ap ede espesyalis radyoloji analize tès la. Li ogmante vizyon sou venn ak estrikti san epi si gen kèk bagay ki pa nòmal, y ap parèt pi klè. Kontras la ap filtre nan ren ou epi l ap pase nan pipi ou.

Konn gen risk lè yo itilize kontras. Laplipa risk yo piti, sepandan, genyen ki konn serye. Ti reyaksyon gen sa yo ladan, men lis la pa limite, kou wè: iritasyon nan po, etènne, po ou ki pete; je, nen oswa gòj ki anfle tou piti, Gwo reyaksyon yo sanble gwo reyaksyon alèji epi yo ka gen ladan yo: figi anfle, lang e/oswa gòj, difikilte pou respire, tansyon ou bese, epi nan ka ki ra yo, moun konn mouri tou. Yo ka trete laplipa reyaksyon sa yo ak siksè, avèk medikaman ki disponib imedyatman nan Depatman radyoloji yo, si gen bezwen pou yo.

Doktè ou la ak espesyalis radyoloji yo okouran gen posibilite ra sa yo, nan reyaksyon kontras men, yo santi valè avantaj etid sa yo ka bay, depase risk nou sòt eksplike la yo.

Mwen li enfòmasyon ki sòt eksplike la yo, epi yo banm enfòmasyon sou yo, epi mwen konprann risk ki gen ladan seri etap sa yo. Mwen okouran posibilite yo, epi mwen aksepte responsabilite pou nenpòt reyaksyon ak konsekans yo. Mwen bay otorizasyon epi konsantman m, pou administre m materyèl kontras la sou fòm piki. Mwen te gen mwayen pou m te poze keksyon.

Non responsab pasyan an (Silvouplè lèt detache)

Temwen (Silvouplè lèt detache) Dat

Non responsab pasyan ans (Siyati)

Temwen (Siyati)

Tradiktè (Silvouplè lèt detache)

Tradiktè (Siyati)

Dat